

Lòd Ministè Devlopman Mendèv Wisconsin

Ministè Devlopman Mendèv Wisconsin adopte règleman sa a pou kreye MDM301 .07 (5) (bm), (11) (j), (k) ak (L), (15) (n) ak (o), (16) (r), (17) (e) ak (f), (20) (h), (i) ak (j), (21) (n), ak (25), MDM 301.09 (2) (d) ak (e) ak MDM 301.10, ki gen rapò ak pwoteksyon travayè imigran yo kont COVID-19 la.

Deklarasyon sou sijè ki abòde règleman sa a, SS 032-20, se Gouvènè a ki te apwouve l nan jou ki te premye Me 2020 an, yo te pibliye nan rejis nimewo 773A1 a, 4 Me 2020, epi Ministè a te apwouve l nan jou ki te 22 Me 2020 an. Gouvènè a te apwouve règ ijans sa a nan jou ki te 4 jen, 2020 an.

Ministè Devlopman Mendèv la te Prepare Analiz la

Ministè a dèyè pibliye yon nouvo règ ijans nan ch. MDM 301 pou pwoteje travayè imigran anba viris SARS-CoV-2 a ki lakòz maladi kowonaviris 2019 la. (Nan fason sa a, y ap fè referans ak viris la ansanm ak maladi a antanke "COVID-19.") 14 Avril 2020, sou lòd Gouvènè a, Sekretè-deziyen nan Misnistè Sèvis Sante Wisconsin nan te bay Lòd Ijans #25 lan pou yo yon seri mezi sekirite ki gen rapò ak COVID-19 pou chan travay imigran yo pou rezon espesifik pou anpeche moun yo ekspoze tèt yo anba COVID-19 la, se pou yo pran swen moun ki gen COVID-19 la, epi anpeche COVID-19 la gaye. Paske li pwobab pou risk ki mache ak COVID-19 pou travayè imigran yo gen plis chans pou yo kontinye apre Lòd Ijans #25 fin ekspire nan jou k ap 13 Jen 2020 an, yon règ ijans nesesè pou pwoteje sante piblik la, sekirite li, ak byennèt li.

Entèpretasyon Lwa yo

Seksyon 103.905, Estatistik.

Pouvwa Legal

Seksyon 103.905, Estatistik.

Eksplikasyon sou Pouvwa Legal la

Ministè a gen otorite espesifik epi jeneral pou l etabli règleman pou egzekite epi aplike Lwa Travayè Imigran Wisconsin, ss. 103.90 a 103.97, Estatistik yo. Pouvwa sa a gen ladan l pwoteje chan kote imigran yo ap travay la, transpò, ak travay nan chan yo san danje pou travayè yo.

Lwa oswa règleman ki mache ansanm

Seksyon 103.90 a 103.97, Estatistik., ak ch. MDM 301.

Analiz nan yon Langaj ki Senp

Aktyèlman, ch. MDM 301 mete kondisyon lojman nan chan travay imigran yo, mete prensip sanitè estanda nan jaden yo, epi li bay avi sou dwa travayè migran yo.

Règleman an revize ch. MDM 301 pou yo aplike rès kondisyon sa yo. Règleman an egzije pou operatè chan imigran yo bay travayè ki montre sentòm COVID-19 la yon kote ki separe, epi ki izole pou yo rete, sèlman ki travayè k ap viv nan kèk inite ak fanmi yo ki pa ladan l. Règleman presize kondisyon pou pèmèt operatè imigran chan yo bay lojman altènatif si travayè ki gen sentòm yo pa ka izole tèt yo nan espas nouvo vi yo vin genyen an. Eksepte ravayè k ap viv nan inite pou fanmi endividyèl yo, règleman an egzije operatè chan imigran yo pou yo bay travayè ki gen sentòm nan chanm twalèt oswa twalèt apa. Eksepte inite pou fanmi endividyèl, règleman an egzije pou yo chak jou yo dezenfekte zòn kote moun yo toujou manyen nan chanm twalèt yo ak kote yo benyen, fè lesiv, lave men, kwit manje, manje ak repoze yo. Anplis de sa, yo dwe mete kote pou travayè yo lave ak dezenfekte men yo nan zòn kote yo kwit manje epi manje ak kote pou yo dòmi. Nan lojman ki menmjan ak dòtwa oswa tant yo, règleman egzije efò rezonab pou separe kabann omwen omwen 2 mètr distans epi mande travayè pou yo dòmi nan tèt anba si sa posib. Règleman egzije operatè chan imigran yo pou yo fè yon efò rezonab pou mete kouvèti twal sanitantè disponib pou travayè yo nan zòn y ap viv yo. Règleman an fè egzijans tou pou travayè yo pran distans nan travay nan jaden ak nan transpò yo. Finalman, règleman an egzije operatè imigran chan yo pou yo afiche kondisyon règleman an nan lang anglè ak nan lang moun ki k ap viv nan chan yo pale.

Rezime, ak konparezon ak règleman federal ki deja egziste oswa pwopoze yo

Lwa sou Pwoteksyon Travayè Agrikòl Imigran ak Tanporè yo (MSPA), 29 USC 1801, ak sa ki vin apre yo., mete prensip pou travayè agrikòl imigran ak tanporè yo ki gen rapò ak lojman ak transpò.

Rezime kòmantè sou deklarasyon sijè a ak deskripsyon sou fason yo te pran kòmantè sa yo an chaj lè yo t ap ekri règleman an.

Yo te fè yon odyans piblik preliminè sou deklarasyon an nan sijè nan jou kit e 21 Me 2020 an; nan odians lan yo te resevwa kòmantè yo ak kourye kourye elektwonik. Anfèt, moun ki fè kòmantè jeneralman te dakò pou yo pibliye règleman nan objektif pou yo ranplase Lwa Ijans # 25 lan anvan l ekspire. Moun ki fè kòmantè yo te eksprime bezwen pou gen règleman ki klè, epi tou pou yo edike travayè yo, nan lang yo pi pito yo, konsènan pwoteksyon règleman yo gen ladan yo, li gen ladan distans sosyal, byen sèvi ak ekipman pwoteksyon pèsònèl yo (EPP), epi rapòte sentòm yo. Anplis de sa, Moun ki fè Kòmantè yo te eksprime bezwen pou yo mete kondisyon pou moun mete mas nan transpò ak espas travay la ak fason pou yo itilize kabann de etaj ak vantilasyon nan dòtwa ak lojman ki sanble ak tant yo.

Rapòtè yo te sijere pou yo mete rapò ak pwoteksyon pou yo pa fè presyon sou travayè yo. Yon Rapòtè Jeneralman dakò pou yo mete kondisyon ki nan Lwa Ijans # 25 yo nan règleman an, men li te eksprime Enkyetid li genyen parapò ak operatè chan yo paske kapab aplike distans sosyal la nan transpò machin patwon an bay yo epi li sijere yon mwayen altènatif pou yo pwoteje sekirite travayè yo, tankou EPP ak distans nan chak lòt chèz nan kamyon transpò yo.

Repons Ajans lan: Ministè a te egzamine tout kòmantè yo te resevwa yo. Ministè a te dakò pou ke règleman yo ta dwe klè epi pou yo aplike yo epi li te pwepare règleman pou atenn objektif sa yo. Ministè a te fè chanjman tou nan egzijans distans sosyal nan transpò yo pou l bay yon solisyon altènatif ki t ap pwoteje travayè yo. Yo pa t analize Kòmantè konsènan rapò ak pwoteksyon kont presyon sou travayè yo nan aplikasyon sijè deklarasyon an.

Konparezon ak règleman eta ozalantou yo

Pa gen okenn ajans nan eta ki ozalantou a ki pibliye règleman espesifikman sou pwoteksyon travayè migran yo pou yo pa ekspozè anba COVID-19 la. Ajans Iowa yo te pibliye yon dokiman ki bay oryantasyon pedagogik ak konsèy pou anpeche travayè imigran yo ekspozè tèt yo anba COVID-19 la.

Rezime done reyèl ak metodoloji analiz yo

Yo te revize Lòd Ijans # 25 lan, ch. MDM 301, ak lwa ki enpòtan ki gen rapò ak Lwa sou Travay Migran Wisconsin yo antanke yon pati nan pwosesis la pou yo devlope règleman sa a yo pwopoze a.

Yo egzamine epi yo sèvi ak dokiman ki jistifiye pou senyale efè sa genyen sou ti biznis yo oswa preparasyon yon analiz enpak nan ekonomi an

Règleman sa a gen entansyon pou anpeche maladi gaye nan chan travay imigran yo e li pa fè okenn enpak negatif sou biznis yo. Se poutèt sa, yon anliz pa t nesèsè.

Efè sou ti biznis yo

Li pa gen yon enpak negatif sou ti biznis yo.

Moun kontak ajans lan

Amy Hansmann, Chèf Depatman

Biwo Sèvis Travay

Ministè Devlopman Mendèv

Avni Washigton 201 Lès

Bwat Postal 7972

Madison, WI 53707
Telefòn: (608) 733-3877
Kourye: Amy.Hansmann@dwd.wisconsin.gov

Zòn kote yo voye kòmantè yo ak dèlè pou yo voye yo a

Kourye: DWDAdminRules@dwd.wisconsin.gov
Y ap aksepte kòmantè yo jouk nan yon dat yo fikse.

Seksyon 1. Yo kreye MDM 301.07(5) (bm) pou yo li:

MDM 301.07 (5) (bm) "COVID-19" vle di viris SARS-CoV-2 ak kèlkeswa maladi ki sanble ak li.

SEKSYON 2. Yo kreye MDM 301.07 (11) (j), (k) ak (L) yo pou li:

MDM 301.07 (11) (j) Yon operatè chan dwe bay travayè ki montre sentòm COVID-19 la yon kote apa, izole pou l viv, amwenske travayè ki demontre sentòm nan abite nan yon inite lojman pou yon sèl fanmi oswa nan yon inite lojman pou fanmi ki fè pati yon inite miltifamilyal. Si operatè chan an pa kapab izole travayè ki gen sentòm yo pou yo viv nan nouvo espas yo fè pou yo a, operatè a chan dwe bay yo yon lojman altènatif nan yon chanm apa oswa yon bilding apa pou separe yo ak lòt travayè yo.

Remak: W ap jwenn sentòm COVID-19 la nan sit entènèt sa a nan Sant pou Kontwòl ak

Prevansyon Maladi: <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/symptoms-testing/symptoms.html>.

(k) Si sa mande pou gen yon lòt lojman menmjan an. (j), yon operatè chan dwe chèche yon diferans anba sub. (7) (a) dapre kondisyon sa yo:

1. Lè sa posib, yo dwe voye yon demann ki diferan alavans si gen bezwen yon lòt lojman. Si yo pa t mande yon diferans davans, operatè chan an dwe fè yon demann osito ke operatè chan an vin rann li kont ke li bezwen yon lòt lojman. Fòmilè divèsite ministè a disponib sou demann nan kourye elektwonik MSFW@dwd.wisconsin.gov. Yo dwe voye tout demann divèjans yo nan fòmilè divèjans ministè a nan MSFW@dwd.wisconsin.gov.
2. Ministè a dwe apwouve oswa refize demann nan yon divèjans nan de jou ouvrab apre li fin resevwa demann nan.

3. Yo ka verifye divèjans lan epi yo dwe an efè prè pou enspeksyon. Ministè a dwe fè enspeksyon yo le pli vit ke posib epi yo ka fè enpeksyon yo adistans ansanm ak operatè chan yo.

(L) Yo dwe bay travayè ki nan izolasyon yo manje ak dlo menmjan an. (j) pou yo kapab diminye bezwen pou soti nan izolasyon.

SEKSYON 3. Yo kreye MDM 301.07 (15) (n) ak (o) yo pou li:

DWD 301.07 (15) (n) imedyatman yo dwe bay yon travayè ki montre sentòm COVID-19 la yon chanm twalèt apa, si sa saposib , oswa yon twalèt apa si pa gen yon chanm twalèt ki disponib. Paragraf sa a pa aplikab pou travayè k ap viv nan inite fanmi endividyèl.

(o) Zòn moun toujou manyen nan tout chanm twalèt yo, eksepte nan inite fanmi endividyèl yo, yo dwe dezenfekte yo chak jou.

SEKSYON 4. Yo kreye MDM 301.07 (16) (r) la pou li:

MDM 301.07 (16) (r) Yo dwe dezenfekte chak jou zòn kote moun toujou manyen anndan chanm twalèt yo, kote yo fè lesiv ak kote yo lave men yo, sòf nan inite fanmi endividyèl yo.

SEKSYON 5. Yo kreye **MDM 301.07** (17) (e) ak (f) yo pou li:

MDM 301.07 (17) (e) yo dwe mete zòn kote pou yo lave men epi yo dwe bay travayè dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl nan tout kote pou kwit manje epi yo manje.

(f) Yo dwe dezenfekte chak jou kote moun toujou manyen nan kote yo kwit manje ak pou moun manje yo, eksepte nan inite fanmi endividyèl.

SEKSYON 6. Yo kreye MDM 301.07 (20) (h), (i) ak (j) yo pou li:

MDM 301.07 (20) (h) Y ap fè yon efò ki rezonab pou yo separe kabann yo omwen 2 mètr epi travayè yo dwe dòmi tèt anba lè sa posib nan rezidans ki sanble ak dòmitwa oswa tant yo.

(i) Yo dwe dezenfekte zòn kote moun toujou manyen nan etablisman moun dòmi yo chak jou.

(j) Yo dwe mete zòn kote pou yo lave men epi yo dwe bay travayè dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl nan tout etablisman yo dòmi yo.

SEKSYON 7. Yo kreye MDM 301.07 (21) (n) pou li:

Seksyon MDM 301.07 (21) (n) Operatè kan yo dwe fè tout efò rezonab pou mete twal sanitè pou tape figi disponib pou travayè yo nan zòn nan kote y ap viv nan chan an dapre lòd Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo.

Remak: Ou kapab jwenn Konsèy sou Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi nan:

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/prevent-getting-sick/diy-cloth-face-coverings.html>.

SEKSYON 8. Yo kreye MDM 301.07 (25) lan pou li:

MDM 301.07 (25) AFICH A RÈGLEMEN IJANS. (a) Nan seksyon sa a ki anba a, "règleman ijans" lan vle di kondisyon ki anba subs. (5) (bm), (11) (j), (k) ak (L), (15) (n) ak (o), (16) (r), (17) (e) ak (f), (20) (h), (mwenn) ak (j), ak (21) (n) ak ss. MDM 301.09 (2) (d) ak (e) ak 301.10.

(b) Ministè a dwe fè règleman ijans sa a disponib pou yo afiche l an Anglè ak nan lang moun ki rete nan chan yo pale si se pa Anglè. Operatè chan yo dwe afiche règleman ijans sa a an Anglè ak nan lang lòt moun nan chan yo pale si se pa Anglè.

SEKSYON 9. Yo kreye MDM 301.09 (2) (d) ak (e) yo pou li:

MDM 301.09 (2) (d) Etablisman yo dwe mete savon ak dlo zòn kote pou yo lave men oswa dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl.

(e) Si ministè a te bay lòd pou yo ranplase sèvyèt ki anbale yo nan zòn kote yo lave men yo pa mwayen yon divèjans, yo anile divèjans sa a. Tout zòn kote yo lave men yo dwe aplike par. (d).

SEKSYON 10. Yo kreye MDM 301.10 la pou li:

MDM 301.10 ditans sasyal. (1) TEREN. Travayè ki angaje nan travay manyel yo dwe travay omwen 2 mètr distans ak nenpòt ki lòt moun nenpòt lè sa posib pandan y ap travay nan jaden yo.

(2) TRANSPÒTASYON. (a) Patwon yo dwe asire yo ke travayè yo pote kole nan pran distans sosyal nan tout transpò travayè yo ant travay la ak lakay yo ak lòt transpò patwon yo bay pou pèmèt travayè yo jwenn founiti ak sèvis nesèsè epi chita omwen 2 mètr apa. Si patwon an pa kapab aplike egzijans distans 2 mètr distans transpò a, li dwe bay mas figi sanitè oswa twal pou kouvri figi yo epi mande tout pasaje yo pou yo mete nan machin yo oswa twal pou kouvri figi yo pandan transpò a. Yo dwe mete dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl disponib nan tout machin transpò yo. Yo ta dwe netwaye epi dezenfekte tout sifas kote moun toujou manyen nan machin yo omwen yon fwa chak jou. Yo ta dwe itilize dezenfektan ki ranpli kondisyon Ajans Pwoteksyon Anviwonman Etazini (EPA) pou itilize l kont SARS-CoV-2, viris ki lakòz COVID-19 la.

Remak: Yo ka jwenn dezenfektan EPA teapwouve pou yo itilize kont SARS-CoV-2 isit la:

<https://www.epa.gov/pesticide-registration/list-n-disinfectants-use-against-sars-cov-2>

(b) Patwon yo dwe asire yo ke yo tranpòte travayè ki montre sentòm COVID-19 la apa lakay yo, jan sa defini nan s. MDM 301.07 (5) (bm), ak lòt kote nan transpò patwon an bay travayè ki pa montre sentòm yo.

SEKSYON 11. Règleman ijans sa a apantre annaplikasyon apre yo fin pibliye l nan journal ofisyèl Leta a.

Dat sa a _____ jou jen, 2020

ETA WISCONSIN

MINISTÈ MENDÈV

DEVLOPMAN

Caleb Frostman, Sekretè